

17 me, 2012

Chè Fanmi Elèv ki nan Klas 5-7Kounye a,

Ala yon tan enteresan pou pwomès ekstraòdinè l ye nan Lekòl Piblik Cambridge! Nan mwa septanm 2012, nou pral ouvri pòt pou kat nouvo kanpis lekòl 6-8 nou yo. Tout elèv ki nan klas 6-8 prale nan yon lekòl siperyè oswa Lekòl Amigos K-8. Manm fakilte yo deja plase nan chak kanpis lekòl yo. Moun ki nan tèt lekòl nou yo te kòmanse rankontre avèk anplwaye, kolèg yo. Lidè pwogram ak pwofesè yo deja prepare korikoulòm Lekòl 6-8 yo. Sa n bezwen kounye a se lanse pwogram Siperyè 6-8 21st syèk lekòl nou yo, ki pral bay TOUT timoun Cambridge yon eksperyans akademik, sosyal ak emosyonèl de wo kalite, sa k rete **se voye pitit ou!**

Premye jou lekòl la ap tonbe 4 septanm 2012. Jounen lekòl la ap 8:55am pou 2:55pm nan tout kanpis yo ak nan Lekòl Amigos. Orè rout otobis yo pral poste nan mitan mwa Out la, anka etidyan w kalifye pou transpò. Yon deskripsyon Nouvo Pwogram Lekòl Siperyè a, osi byen avèk kontak pou enfòmasyon kanpis la, ap disponib ak afiche kòm yon panflet nan webside CPS (www.cpsd.us) e l ap disponib tou nan pwòp lekòl ou. Ou pral resevwa plis enfòmasyon nan sezon ete a sou nouvo lane k pral vini a nan biwo Moun ki Antèt Lekòl yo. Sèvis tradiksyon ap disponib; tanpri kontakte n jan l dekri anba a. Nou paka tann pou tande w.

Anplis, vin jwenn n tanpri pou de (2) evenman espesyal nan 2 semèn k ap vini yo. **Nan dat mèkredi 30th me, vin rankontre n nan kafeterya CRLS la ant 6:00-8:00 pou ajanda Pwogram Sware Inovasyon an.** Koòdonatè CPS pou kourikoulòm yo, lidè distri yo, ak Reskonsab Anchaj Lekòl 6-8 yo ap la pou prezante nouvo pwogram akademik nou an, ak reponn tout kesyon n ka genyen. Nan debi kòmansman mwa jen, tanpri **vin rankontre n pou patisipe nan yon CPS sondaj dopinyon**, k ap disponib nan website distri a ak kòm sou fòm papyè. N ap ranmase opinyon ak kritik sou eksperyans nou ak pèsepsyon n sou distri nou an ak sou lekòl yo. Vwa n kritik pou siksè etidyan nou yo; tanpri fè yo tande vwa n!

Pou fini, pandan n kanpe sou bò wout chanjman transfòmativ sa a pou timoun nou yo ak pou distri a, mwen sonje mo Doktè Martin Luther King, Jr sa yo, mo ki te lanse Ajanda Inovativ la yon ane desa: “Lè a toujou bon lè w ap fè sa k bon.” Mwen rekonesan, modès, ak fyè pou di: tan an pou nou, se kounye a. Apre yon lane entansif, devwe ak bon kalite travay, tout manm kominote a—fanmi, pwofesè, lekòl ak lidè distri yo, patnè kominotè, ak Komite Lekòl la - kanpe pare pou ouvri kat nouvo kanpis yo, ak kòmanse bay etidyan klas 6-8 nou yo siksè ak ekite yo merite. Pandan ane lekòl 2012-13 la ap pwogrese, n ap kontinye devlope, amelyore, epi rafine Pwogram Lekòl 6-8 nou yo pandan n ap aprann ak avans pi devan ansanm, nan reyalize vizyon ekselans nou kòm yon vil.

Avèk rekonesans e pasyon pou meyè jou pi devan,

Jeffrey M. Young
Sipèntandan Lekòl yo